



Sa ou dwe konnen pou ou kapab vote nan Eleksyon Primè 8 jwen 2021 an...

ÈSKE MWEN KAPAB VOTE AN PÈSÒN?



Ou kapab vote an pèsòn nan biwo vòt ou an, depi 6:00 nan maten jis 8:00 nan aswè nan jou eleksyon an, ki ap fèt nan dat 8 jwen. Dispozisyon deja pran pou akomode elektè yo ki genyen andikap. Ale sou sit **Vote.NJ.Gov** pou jwenn biwo vòt ou, ki sou list biwo skriten sou paj ki rele Polling Locations lan.

KIJAN MWEN KAPAB APLIKE POU YON BILTEN VOTE-PA-LAPÒST?



Elektè ki enskri yo kapab fè aplikasyon pou resevwa yon bilten vote-pa-lapòst ki rele Vote-by-Mail nan youn nan diferan fason sa yo:

- 1... Ale sou paj Vote By Mail lan sou sit **Vote.NJ.Gov**, epi telechaje epi enprime yon aplikasyon pou vote pa lapòst ki rele Vote by Mail Ballot. Enswit, voye nan lapòst oubyen pote pèsònèlman aplikasyon ou fin ranpli an bay grefye konte an ki rele County Clerk. Pou ou kapab resevwa bilten ou an nan lapòst, se pou nan biwo grèf konte an yo resevwa aplikasyon ou avan dat 1ye jwen an pase.
- 2... Aplike an pèsòn nan biwo County Clerk ou an avan 3:00 nan apremidi nan dat 7 jwen. Pou jwenn detay pou kontakte County Clerk ou an ale sou sit **Vote.NJ.Gov**.

KÒMAN POU MWEN REMÈT BILTEN VOTE-PA-LAPÒST MWEN AN?

Se bagay fasil: senpleman **VOTE, SIYEN, KACHTE, REMÈT**. Se ou ki pou chwazi kijan wap remèt li.

- 1... **Nan lapòst:** Se pou li make avèk yon kachè 8:00 nan aswè pou pi ta nan dat 8 jwen epi se pou yo resevwa li nan Konsèy Elektoral konte ou Ki rele Board of Elections nan dat 14 jwen pou pi ta.
- 2... **Yon bwat depo sekirize pou bilten ki rele Secure Ballot Drop Box:** Depoze li nan youn nan bwat depo sekirize konte ou yo a 8:00 nan aswè pou pi ta nan dat 8 jwen. Lokal bwat depo yo make sou sit **Vote.NJ.Gov**.
- 3... **Biwo Konsèy Elektoral:** Depoze li an pèsòn nan biwo Board of Elections Office ou a 8:00 nan aswè nan dat 8 jwen pou pi ta. Enfòmasyon pou kontakte ofisyèl elektoral konte ou an yo disponib sou sit **Vote.NJ.Gov**.

NÒT: Ou PA KAPAB remèt bilten vote-pa-lapòst ou an nan biwo vòt ou pou eleksyon sa a.

KIJAN MWEN KAPAB ENSKRI POU VOTE?



Se pou ou enskri avan dat 18 me pase pou kapab vote nan Eleksyon Primè 8 jwen 2021 an.

Vizite sit **Vote.NJ.Gov** pou jwenn enskripsyon sou entènèt lan oubyen pou verifye stati enskripsyon elektè ou.

KI KOTE MWEN KAPAB JWENN ENFÒMASYON ANPLIS OUBYEN ASISTANS?



Pou tout detay yo epi pou plis repons, vizite sit **Vote.NJ.Gov**, kontakte ofisyèl elektoral lokal ou yo, oubyen telefone Liy asistans pou elektè Voter Information and Assistance Line lan nan nimewo **1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)**.



Gouvènè Phil Murphy
Sekretè Deta Tahesha Way

Vote.NJ.Gov
1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)



@NJVotes



@NJ_Votes



NJ Department of State



@NJ_Votes